# कहावा में कृष्ण जन्मे

कहावा में जन्मे रामा ता,
कहावा में कृष्ण जन्मे हो,
के ललना कहावा में जन्मे गणेश ता,
तीनो घरवा मंगल होला हो....

अयोध्या में जन्मेले रामा ता,
गोकुल में कृष्ण जन्मे हो,
के ललना पर्वत पे जन्मे गणेश ता,
तीनो घरवा मंगल होला हो.....

कीकरा से जन्मे रामा ता,
कीकरा से कृष्ण जन्मे हो,
के ललना कीकरा से जन्मे गणेश ता,
तीनो घरवा मंगल होला हो.....

कौशल्या से जनमे रामा ता,
देवकी से कृष्ण जन्मे हो,
के ललना गौरी से जन्मे गणेश ता,
तीनो घरवा मंगल होला हो.....

कीकरा से बनेला रामायण,
कीकरा से गीता बने हो,
कीकरा से विघ्न हरन होला,
तीनो घरवा मंगल होला हो....

राम से बनेला रामायण,
कृष्ण से गीता बने हो,
के ललना गणेशा से,
विघ्न हरन होला,
तीनो घरवा मंगल होला हो.....

https://bhajanganga.com/bhajan/lyrics/id/29985/title/khava-me-krishan-janme

अपने Android मोबाइल पर BhajanGanga App डाउनलोड करें और भजनों का आनंद ले |